



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 me 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO, MAJISTRA BLOOMBERG AK PREZIDAN MINISIPALITE A, MARKOWITZ, ANONSE
BROOKLYN NAVY YARD PRAL FÈ YON ENVESTISMAN \$46 MILYON DOLA POU BATI YON SANT
MANIFAKTI EKOLOJIK POU KREYE PRÈSKE 300 NOUVO DJÒB**

***Pwojè priyorite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York idantifye de (2) lokatè sipò
teknoloji avanse pou nouvo sant 222.000 pye kare a: Crye Precision, fabrikan jilè-pa-bal ak rad pou fòs
lame Etazini; ak New Lab, yon espas pou ko-konsepsyon ak manifakti.***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Majistra Michael R. Bloomberg, Prezidan Minisipalite Brooklyn, Marty Markowitz, ak ofisyèl eli eta a ak vil la te anonse Brooklyn Navy Yard Development Corporation pral investi \$46 milyon dola pou bati yon Sant Manifakti Ekolojik ak nan Navy Yard. Pwojè priyorite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York sa a gen ladan re-izilizasyon adaptatif twa (3) ansyen atelye machin Lamarin epòk Dezyèm Gè Mondyal la an yon konplèks endistriyèl dènnye modèl, pou kreye prèske 300 nouvo djòb pèmanan ak aprepre 400 djòb nan domèn konstwiksyon.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pwojè sa a se yon egzanp fason pwogram Konsèy Rejyonal la ap ede eta a investi nan yon ekonomi inovasyon pwodiktif ak dirab k ap fè Nouyòk yo retounen nan travay kounye a ak pou plizyè ane k ap vini. Investisman sa a se yon investisman ekolojik ki pral kreye prèske 300 nouvo djòb pandan l ap kreye espas k ap disponib pou yon konpayi ki gen siksè pwodui zouti ki nesèsè pou kenbe manm ewoyik sèvis fòs lame nou yo an sekirite.”

Majistra Michael R. Bloomberg di konsa, “Brooklyn Navy Yard se yon istwa siksè ekonomik si te janm gen youn, epitou investisman sa a nan manifakti ekolojik se plis yon gwo nouvèl pou Navy Yard ak pou ekonomi Vil New York. Jodi a, Navy Yard se lakay pou kalite inovasyon ki pral kreye anpil djòb pidevan, epitou pou fè vil nou an toujou rete konpetitif alontèm.”

Prezidan Minisipalite Brooklyn, Marty Markowitz, di konsa, “Sant Manifakti Ekolojik nan Brooklyn Navy Yard—avèk lokatè prensipal Crye Precision and Macro Sea—pral montre lemonn kijan pou entwodui manifakti ekolojik avèk siksè ak pratik dirab nan yon sant dènnye modèl ki pral kreye anpil santèn djòb pèmanan ak djòb nan domèn konstwiksyon. Bravo pou Gouvènè Cuomo, Majistra Bloomberg, Pòtpawòl Quinn, delegasyon Lejislati Brooklyn ak Konsèy nou, Prezidan Brooklyn Navy Yard Development Corporation, Andrew Kimball, ak tout patnè yo poutèt yo chanje ‘ble-maren’ an ‘vè-maren.’ Pa gen pi

bon egzanj pase ekonomi dinamik, divès—ak ekolojik Navy Yard of Brooklyn—epi mwen te fyè pou sipòte pwojè Sant Manifakti Ekolojik la.”

Pòtpawòl Konsèy Minisipalite Vil New York, Christine C. Quinn, di konsa, “Navy Yard se yon temwayaj rezistans ak kreyativite Vil New York. “Nan efò serye k ap fèt pou gen re-konstwiksyon, ki te yon fwa yon sant konstwiksyon naval k ap debat, se kounye a yon modèl pak endistriyèl iben ki gen ladan kèk konpayi dènye modèl, epi kounye nan yon titan, k ap vin yon Sant Manifakti Ekolojik. Nou fyè nan Konsèy la poutèt nou te asosye nou avèk Gouvènè a, Administrasyon Majistra Bloomberg, Prezidan Minisipalite Markowitz, ak Brooklyn Navy Yard pou asire Navy Yard kontinye fè efò ak kreye plis djòb pou Nouyòkè yo.”

Brooklyn Navy Yard se yon pak endistriyèl sou 300 ak tè sou bòdmè Brooklyn ki gen ladan 275 biznis, ki anplwaye 6.000 travayè, jiska 230 biznis ak 3.600 travayè nan ane 2001. Plis pase \$200 milyon dola nan investisman nan enfrastrikti gouvènman Vil la, gouvènman Eta a, ak gouvènman federal te jwen plis pase \$500 milyon dola nan investisman prive pou nouvo bilding endistriyèl ak pou bilding endistriyèl ki modènize, ak anpil santèn milyon dola anplis nan machinri, ekipman ak enstalasyon lokatè.

Devlopman Sant Manifakti Ekolojik la ap kontinye agrandisman an k ap fèt nan Brooklyn Navy Yard – pou gwo kwasans li depi Dezyèm Gè Mondyal la, pou ajoute plis pase 1,8 milyon pye kare nouvo espas, ak plis pase 2.500 djòb sou pwochen dezan yo. Devlopman sant ekolojik yo ki se kay pou plis pase 30 fabrikasyon ekolojik te yon priyorite nan Yard depi lontan. Gwo nouvo investisman sa a pral fè chanjman nan bilding 28, 123, ak 128, ansyen atelye machin ki bati bato Lamarin, an yon espas 220.000 pye kare pou plizyè lokatè, an Sant Manifakti Ekolojik ki jwenn sètifikasyon LEED Silver. Konstwiksyon prensipal la pa kòmanse pou sezon lete sa a, epi l ap apeprè 18 mwa pou fini.

Prezidan ak Direktè Jeneral BNYDC, Andrew H. Kimball, di konsa, “Navy Yard te vin yon sant teknik siperyè ak manifakti teknoloji pwòp ki t ap debat. Nou kontan poutèt nou mete pwojè sa a nan faz egzekisyon avèk sipò patnè nou yo nan chak nivo gouvènman an, epitou poutèt nou jwenn de (2) lokatè sipò yo.”

Gouvènè Adjwen Robert J. Duffy di konsa, “Sant Manifakti Ekolojik la se pi bon egzanj fason pwogram Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo ap ede kreye patenarya tounèf sektè piblik-prive nou bezwen pou kreye anpil djòb, epitou pou devlope ekonomi noun an. Lè nou investi nan agrandisman endistri manifakti teknoloji avanse, nou nòmalman kreye zouti pou yon ekonomi dirab ki prepare pou dire lontan.”

Chanselye City University of New York (CUNY) ak ko-Prezidan Konsèy Rejyonal Vil New York, Matthew Goldstein, di konsa, “Sou non Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York, mwen felisite Brooklyn Navy Yard poutèt l ap vanse avèk devlopman yon nouvo Sant Manifakti Ekolojik, epitou poutèt li jwenn Crye Precision kòm lokatè sipò li. Nouvo sant sa a pral yon pyès enpòtan pou enfrastrikti venteyinyèm syèk la ki nesèsè pou sipòte manifakti avanse dirab ki bon pou anviwònman an nan Vil New York.”

Crye Precision – yon premye konseptè ak fabrikan jilè-pa-bal ak rad pou fòs lame Etazini ak pou ajans lapolis federal ak ajans lapolis eta – ki te jwenn yon rekonpans \$1 milyon dola nan pwosesis Aplikasyon pou Finansman Gwoupe (CFA) Eta New York, dakò pou vin youn nan de (2) lokatè prensipal yo nan nouvo Sant Manifakti Ekoloji a. Pou kounye a, Crye opere nan kat (4) espas apa nan Navy Yard, avèk 110 anplwaye, epi l ap anfème kounye a yon espas 80.000 pye kare, pou gwoupe plizyè sant yo an yon lokal santral. Crye te deside agrandi an Navy Yard apre li te konsidere plizyè posiblite pou gwoupman ak agrandisman, tankou New Jersey.

Agrandisman konpayi a an Sant Manifakti Ekolojik la pral kreye 100 nouvo djòb sou pwochen senk (5) ane yo. Crye genyen tou plizyè liy pwodui komèsyal ki nan faz devlopman: youn itilize materyèl ki resikle nan zòn nan ki konvèti an twal.

Direktè Egzekitif Crye Precision, Caleb Crye, di konsa, "Navy Yard se te egzakteman sa biznis nou te bezwen pou devlope, epi nou kontan poutèt avni nou ap rete isit la. Nou te kòmanse depi yon deseni avèk 4.500 pye kare. Jodi a, nou gen jiska 45.000 pye kare avèk plis pase 100 anplwaye, epi lè nouvo sant lan fini, n ap gen yon operasyon ki pi efikas avèk sal pou devlope, epi pou ajoute omwen 100 nouvo djòb."

Yon dezyèm lokatè sipò, Macro Sea, pral anfème plis pase 50.000 pye kare pou New Lab, yon sant dènve modèl k ap fè pwomosyon pou inovasyon konsepsyon ak manifakti avèk dènve nan pwosesis ak machinri ki pwoteje anviwònman an. Nan lokasyon anplis yo ak nan espas pou ko-travay, New Lab pral ankouraje kolaborasyon ant konsepsyon ak fabrikasyon lè li òganize yon melanj dinamik konseptè, fabrikan dijital, achitèk, sant rechèch gradye, ak lòt nan yon gwoup konsepsyon ak inovasyon dirab. New Lab ap travay nan pwent avanse teknoloji ekolojik, epi li te resevwa bon jan enterè nan inivèsite ak antrepriz sa yo:

- The Cooper Union, Institute for Sustainable Design Innovation Laboratory;
- Rensselaer Polytechnic Institute's School of Architecture ak Center for Architecture Science & Ecology (CASE)
- Columbia University, Laboratory of Applied Building Science (L-ABS) at the Graduate School of Architecture Planning and Preservation;
- Terreform ONE, gwoup konsepsyon non-komèsyal ki baze nan Brooklyn ak sèl laboratwa pou syantifik yo, atis yo, achitèk yo, etidyan yo, ak moun ki gen tout kalite fòmasyon pou egzamine ak avanse pi gwo estrikti konsepsyon ekolojik la; epi
- Nan Lab, yon konsiltasyon ki baze nan vil Lond yo pi byen konnen pou kreyasyon zouti k ap pouse san rete nan limit posib nan monn manifakti an kouch aditif.

Administratè Prensipal Macro Sea, David Belt, di konsa, "New Lab pral reyini etidyan, konseptè, ak fabrikan teknoloji avanse nan yon sèl espas k ap ankouraje inovasyon ak kolaborasyon. Kominote fabrikan Navy Yard reprezante avni endistri iben an, epi New Lab ap kreye pwochen jenerasyon biznis Yard teknoloji avanse."

Y ap bati pwojè konstwiksyon \$46 milyon dola a dapre prensip LEED Silver, epi pwojè a ap finanse nan sibvansyon kapital Eta New York (\$6 milyon dola nan Empire State Development), Konsèy Minisipal Vil New York (\$7,5 milyon dola) Prezidan Minisipalite Brooklyn (\$2,5 milyon dola) ak Administrasyon Devlopman Ekonomi Etazini (\$2,5 milyon dola). Answit, Crye te jwenn yon rekonpans \$1 milyon dola nan kredi taks Excelsior nan Empire State Development nan pwosesis Aplikasyon Finansman Gwoupe Eta New York. BNDYC te finanse balans konstwiksyon an nan pwogram federal EB-5. Crye pral depanse apeprè \$9 milyon dola nan premye enstalasyon ak ekipman li, epi Macro Sea pral depanse apeprè \$10 milyon dola.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, "Gwo investisman sa a nan manifakti ekolojik montre efò Gouvènè Cuomo ap fè pou bati yon ekonomi New York tounèf pou kreye djòb imedyatman ak alontèm. Nou ta dwe bat bravo pou Brooklyn Navy Yard poutèt li ofri bon jan baz pou ede konpayi yo grandi ak kreye anpil djòb ki nesèsè pou anviwònman an menm jan yo ye pou ekonomi nou an."

Dirijan Minorite Sen a, John L. Sampson, di konsa, "Kalite pwojè sa yo bon pou anviwònman an, epitou y ap kreye djòb. Si nou vrèman pral fè ekonomi sa a vanse, ak fè li vin pi fò, nou dwe idantifye anpil solisyon tounèf. Fiti Etazini ak biznis li yo depannde ekonomi ekolojik—epitou isit la nan Brooklyn, n ap fè yon bagay sou sa. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal li poutèt non sèlman yo jwenn yon fiti ki pi bon pou sante ak pou anviwònman an pou eta a, men tou poutèt l ap amelyore konpetitivite global nou an."

Senatè Daniel Squadron di konsa, "Brooklyn Navy Yard kontinye pwouve kijan siksè li posib, kèlkeswa jan moman yo difisil. Nouvo Sant Manifakti Ekolojik la pral ofri Brooklyn menm plis djòb, epi li pral itilize espas istorik sa a yon fason dinamik ak dirab -- tout sa pandan l ap ede sipòte kwasans ak relans kominote nou an. Gras ak Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Duffy, Prezidan Minisipalite Markowitz, EDC, ak BNYDC poutèt yo te travay ansanm pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte, epitou gras ak Crye Precision ak New Lab poutèt yo pote talan ou nan Brooklyn."

Senatè Velmanette Montgomery di konsa, "Fiti a ap bati sou yon baz djòb ekolojik epi nan yon ti tan n ap investi nan endistri sa a k ap monte, tan ekonomi anpi estab alontèm t ap l ap redrese. Teknoloji ekolojik fè bon sans pou anviwònman an ak bon sans ekonomik. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou efò li fè pou asire New York ap nan pwent nouvo ekonomi an, epi mwen pa ka tann pou travay avèk li pidevan pou pote plis bon djòb ekolojik nan kominote nou ak nan eta nou an."

Manm Asanble Joe Lentol di konsa, "Nou kontan poutèt nou woule kapèt ekolojik pou nouvo manifakti a isit la nan Brooklyn. Byenveni nan Brooklyn Crye Precision. Ou se pati klè nouvo revolisyon manifakti New York ki pwòp, difisil ak ekolojik. Navy Yard kontinye ap fè Brooklyn gen fyète paske li montre fleksibilite li pou sipòte manifakti gran echèk an lespri antrepriz kreyatif anmenmtan."

Manm Konsèy Minisipal Vil New York, Stephen Levin, di konsa, "Brooklyn Navy Yard pa janm sispann enpresyone mwen. Jodi a, n ap selebre sipò pou Sant Manifakti Ekolojik, re-adaptasyon yon espas

215.000 pye kare ak kreyasyon anpil santèn nouvo djòb. BNYDC ap sipòte yon kokennchenn rekòmansman aktivite ak kwasans isit la, epitou nou gen yon dèt rekonesans pou Andrew Kimball poutèt li pilote bato a. Mwen fyè anpil pou reprezante Brooklyn Navy Yard nan Konsèy Minisipal Vil la, epitou mwen konnen pral genyen anpil lòt gwo istwa pou rakonte nan ane k ap vini yo."

Manm Konsèy Minisipal Vil New York, Letitia James, di konsa, "Kolaborasyon vil la, eta a, ak sektè prive a ap fè konnen Brooklyn Navy Yard yon fwa ankò avèk Sant Manifakti Ekolojik pou kreye 300 nouvo djòb pèmanan ak apeprè 400 djòb nan domèn konstwiksyon. Answit, sant ekolojik \$46 milyon dola sa a se yon envestisman nan anviwònman nou an. Mwen vle di mèsè pou Gouvènè Andrew M. Cuomo, Majistra Michael M. Bloomberg, Prezidan Minisipalite Brooklyn, Marty Markowitz, Pòtpawòl Konsèy Minisipal, Christine Quinn, ak Prezidan Brooklyn Navy Yard Development Corporation, Andrew H. Kimball, poutèt yo jwenn finansman pou pwojè sa a."

Brooklyn Navy Yard Development Corporation se yon sosyete non-komèsyal ki kontwole operasyon Brooklyn Navy Yard pou Vil New York. Li gen ladan espas pou anfème, pwomosyon devlopman ekonomik lokal ak re-devlopman zòn yo pa itilize ase, ak modènizasyon enfrastrikti Yard. Anvan re-ouvèti li kòm yon pak endistriyèl, Brooklyn Navy Yard te sèvi kòm youn nan sant militè prensipal Lamerik pandan plis pase 150 ane. Pase rich, prezan dinamik ak fiti pwometè Yard parèt nan yon ekspozisyon ki fèk louvri, vizitè ak sant travay: Brooklyn Navy Yard Center nan BILDING 92.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418